

TATA PANGIBADAH MINGGU PRA PASKAH I

21 FEBRUARI 2021

GEREJA KRISTEN JAWA AMBARRUKMA

1. Pacawisan : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. Liturgos : Lumebet dhateng altar lan nyumet lilin utami warni pethak ingkang paling inggil, kalajengaken mbikak pangibadah.

“Bapak, Ibu, lan Para Sadherek, tuwin para lare ingkang kinasih wonten ing Gusti, Pradata GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh lan sugeng nindakaken pangibadah wonten wekdal punika, semanten ugi tumrap pasamuwan ingkang nindakaken pangibadah wonten dalemipun piyambak-piyambak lumantar paladosan pangibadah live streaming Greja.

Saderengipun pangibadah kita wiwiti, kula nyuwun kawigatosan sawetawis awit badhe kula waosaken saperangan pawartos Greja ingkang wigatos wonten wekdal punika. **(Maosaken pawartos ingkang penting...)**.

Jangkeping pawartos saged dipun waos lumantar pawartos online ingkang saged kaunduh kanthi link <https://mulmed.gkjamb.org/WARTA-GEREJA> utawi QR Code ingkang dipun tayangaken wonten ing wiwitan pangibadah punika.”

“Pasamuwan kinasih, sumangga pangibadah wonten ing wekdal punika kita purwakani kanthi bingahing manah, suwawi kula aturi jumeneng, lan ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 22 : pada 1 lan 3 “Puji Konjuk Allah Rama”**

- | | |
|---|---|
| (1) Puji konjuk Allah Rama, puji konjuk Sang Putra
Puji konjuk Sang Roh Suci, tetiganya sawiji.
Haleluya! Haleluya! Tetiganya sawiji. | (3) Pinuji Allah Makwasa kang nitahken jagad rat,
wah milujengken manungsa, krana gunging sih-rahmat.
Haléluya! Haléluya! Krana gunging sih-rahmat. |
|---|---|

3. Votum tuwin Salam Karaharjan

(Pasamuwan Jumeneng)

- Pendeta : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten :
Sadaya : **Pitulungan kawula pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pendeta : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu lan sadherek sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /**
A min, A min, A min.

4. Lektor : maosaken Sabda Introitus : Purwaning Dumadi 9 : 8 – 17 *(Pasamuwan Lenggah)*

Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”

Jemaat : “Puji sokur konjuk Gusti”

5. Liturgos : “Pasamuwan kinasih wonten ing Gusti Yesus Kristus, sumangga kita nyuraosi sabdanipun Gusti kanthi bingah awit Gusti Allah sampun prasetya mboten badhe ndhatengaken banjir ageng malih wonten ing bumi. Sumangga, kanthi sukarenaning manah, kita sami memuji asmaning Pangeran Yehuwah, kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 106 : pada 1 lan 3 “Amung Kumandel Iku”**

- (1) Amung kumandel iku uwiting karosanku.
Amung kumandel iku etuking kraharjanku

Refr:
Aku datan kuwatir, Pangéran pepujanku
Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku.

- (3) Srana pangandel iku ngilangken prihatinku.
Srana pracaya iku sirna was-sumelangku.....Refr:

6. Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Yokanan 13 : 34 - 35

7. Imam : Pacawisan Pamratobat

“Bapak, Ibu, tuwin para Sadherek kinasih, sumangga kita cawisaken manah, sowan wonten ing ngarsanipun Gusti awit momotaning gesang, kita dereng saged nyembadani punapa ingkang dipun dhawuhaken Gusti, bilih kita kedah nresnani sesami, kadosdene Gusti sampun tresna dhumateng kita. Kita lumebet ing pamratobat kita kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 52 : pada 1 lan 3, “Gusti Sestu Kula Nalangsa”**

- (1) Gusti sestu kula nalangsa, awit asring mbalela,
damel sekel galih Paduka, kelu ombyaking donya.

Refr:
Dhuh Gusti, kawula nyuwun apura,
sinucekken sing dosa.
Mugi manah kula kaenggalna, mituhu Paduka.

- (3) Sestu kula angraosaken awrat dening momotan.
ninging awit Paduka nulungi, tan awrat babar pisan.....Refr:

8. Imam: Pandonga Pamratobat

Sumangga kita sowan Gusti lumantar pandonga pamratobat:

“Gusti Allah ingkang asih mirma, saestu kawula nelangsa, awit polah kawula. Saben-saben kawula nglirwakaken punapa ingkang sampun dados dhawuh Paduka, sinaosa punika mboten awrat. Kawula mboten saged uwal saking ombyaking kadonyan, ingkang mbirat kawula lumebet ing dosa. Malih-malih kanthi kedhuwung, kawula sowan wonten Ngarsa Paduka, nyuwun uwal saking panandhang dosa, satemah kawula nggadhahi pangajeng-ajeng, lumampah ing gesang enggal. Atur pamratobat kawula punika, linambaran sih katresnan Juru Wilujeng kawula Gusti Yesus Kristus. Amin.”

9. Pendeta : Pawartos Sih-Rahmat lan Pangatag-atag Gesang Anyar : Ibrani 10 : 19 - 25

10. **Liturgos** : “Pasamuwan kinasih, sumangga kita sami ngemut-emutaken setunggal lan setunggalipun, supados langkung tumemen lan mboten nebihi pakempalan-pakempalan pangibadah, sinaosa kalaksanaan kanthi daring online. Kita sanggemi kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 158 : pada 1 lan 2 “Ditansah Padha Bungaha”..... (Pasamuwan kula aturi jumeneng)**

- (1) Ditansah padha bungaha
nampeni kabegjan swarga,
karana kita wong dosa
ingentas saking antaka.

Refr:
Tansah bungah ing patunggilane Gusti,
tansah bungah, wit sinung gesang sejati.

- (2) Tansah ulah kabecikan, dhemen aweh pitulungan,
yeku pratandhaning sokur mring sihing Allah Maluhur.....Refr:

11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(Pasamuwan Lenggah)

- a) Pendeta : maosaken **MARKUS 1 : 9 - 15**
- b) Pendeta : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Hosiana.**
Pasamuwan : 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6. 5 4 3 |
Hosi- ana Hosi - ana Hosi - a - na
- c) Tema : **“Darbé Pangajeng-Ajeng Ing Prasetyaning Allah”**
- d) Tujuan : **Jemaat sebagai umat percaya perlu bangkit dari penderitaan yang terjadi dan dipanggil menjadi pemberita serta pelaku perjanjian sebagaimana Yesus dalam hidup pelayanan-Nya.**

12. Imam : mimpin kempaling Pisungung

“Pasamuwan kinasih, Sabda pangandikanipun Gusti sampun winedhar kanthi gamblang, mugi ndandosaken pangajeng-ajeng tumrap kita sadaya, nampi Prasetyanipun Allah.. Minangka raos sokur dhumateng Gusti, sumangga kita ngaturaken pingsungung awujud dana, sae punika pisungung mingguan, wulanan, utawi mirunggan. Pisungung wekdal punika kanthong 1 lan 2 kagem pasamuwan, lan kanthong 3 kagem panyengkuyung pengadaan rumah emeritus.

Atur pisungung kinanthen sabdanipun Gusti minangka tetalesing atur panuwun, sinerat ing **Mateus 6 : 33 - 34**, ingkang mekaten suraosipun : **“Ananging Kratoning Allah lan kasumpurnane, iku padha upayanen dhisik, nuli samubarang iku mau kabeh bakal diparingake marang kowe. Mulane aja padha sumelang ing bab dina sesuk, amarga dina sesuk iku kadunungan kasusahan dhewe. Kasusahan sedina, wus cukup kanggo sedina.”**

Kempaling pisungung kinanthen repening **Kidung Pasamuwan Jawi 155 : pada 1 lan 3 “Aku Tan Nate Mangerti”**

- (1) Aku tan naté mangerti kapan begja cilaka,
mung tansah pasrah mring Gusti, yéku Pamarta setya.
Mantep pracaya ing ati manut rèh lan sabdanya.
Tinuntun dumugèng janji mring kasampurnan swarga.
- (3) Urip ing pangrèhé Gusti, tan ana pangrèh liya.
Kasarasan lan rejeki, wuwuhing sih-nugraha.
Rancangan tinata tliti, pratandhaning sutresna.
Aku tan kwatir, tan wedi, mung begja kang pinanggya.

13. Pendeta : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. **Liturgos** : “Pasamuwan kula aturi jumeneng lan sumangga kita nglairaken pangaken dhumateng Gusti sesarengan kaliyan umat ing salumahing bumi, kanthi **Pangaken Pitados Rasuli** ingkang mekaten....

- a) **Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.**
- b) **Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.**
- c) **Inggah kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.**
- d) **Inggah nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.**
- e) **Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.**

- f) **Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,**
- g) **Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.**
- h) **Kawula pitados dhateng Roh Suci.**
- i) **Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.**
- j) **Punapa-dene pangapunte ning dosa.**
- k) **Tangnipun raga.**
- l) **Sarta gesang langgeng.**

15. Pendeta : Paladosan Berkah

16. Liturgos : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken gunging panuwun dhumateng Pendeta lan sadaya paraga ingkang nyengkuyung lampahing pangibadah sae punika, PPJ, Organik, Lektor, saha Tim Multimedia.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika, kondur kalayan nyuraosi sabdaning Gusti lan matrapaken wonten ing gesang padintenan. Kagem njagi kasarasaning gesang saking sadaya sesakit, sumangga kita tansah tertib matrapaken protokol kesehatan 5 M, memakai masker, mencuci tangan, menjaga jarak, mejauhi kerumunan, dan mengurangi mobilitas. Pangibadah katutup kanthi reponing **Kidung Pasamuwan Jawi 437 : pada 1 lan 2 “Gusti Yesus Pangen Kula”**

- (1) Gusti Yésus Pangèn kula,
 sèstu gung sih Paduka,
 Ing sapurug kula mlampah,
 Paduka kanthi tansah

Refr:
 Kinanthi ing Gusti,
 kinanthi ing Gusti
 Ing satitah kula nrimah,
 angger kinanthi Gusti.

- (2) Saliring bandha kadonyan, mung sarananing gesang.
 Déné piandel kawula mung panganthi Paduka.....Refr: